Лъикlщварал хириял ц1алдохъаби авар мац1алъул дарсиде.

Дарсил тема: «Составиял глаголал».

Дарсил мурадал:

1. Ц1алдохъабазда составиял глаголал хъвавул ва ц1алул каламалда жаниб бит1ун ратизе малъи.
2. Хъвавул ва к1алзул калам цебет1езабизе, хат1 берцин гьабиялда ва бац1ц1адхъваялда т1ад х1алт1и.
3. Ват1аналде рокьи бижизабе.

Словарияб х1алт1и.

Агъаз гьеч1, багьар гьоло, бета рахь, бадиб ч1вай, базар къоно, бега бит1и, болъо къоно, варани х1инч1, бол нух, вук1а вахъин, беца руз, бода сур, газа раххан, гьади гъвет1, вигьа вичин, вала гъалагьи, бого рукъ.

Агъазгьеч1, багьаргьоло, бетарахь, бадибч1вай, базар-къоно, бега-бит1и, болъо-къоно, вараних1инч1, болнух, вук1а-вахъин, бецаруз, бодасур, газа-раххан, гьадигъвет1, вигьа-вичин, вала-гъалагьи, богорукъ.

Такрар гьабиялъе суалал.

1. Глагол чунда абулеб?
2. Глаголалъул морфологиял г1аламатал рик1к1е.
3. Глаголалъул лексикиял г1аламатал рик1к1е.
4. Глаголалъул синтаксиял г1аламатал рик1к1е.
5. Гьал глаголазул гьабизабул форма лъугьинабе: ц1орона, ана, кьурдана, т1атана, вач1ана, сверана, чвахана.

Хего ва бит1ун жавабал кьуразе щвезе руго медалал.

Берцинхъваялъул минута.

Киве?

Расул школалде векерун унев вуго.

Расул школалде векерун унев вуго.

Гъабе синтаксияб разбор

Чан ишалъул бицунеб бугеб лъабго раг1удасан г1уц1араб составияб (цох1о ишалъул) сказуемоялъ?

Векерун - деепричастие, **унев** - причастие, **вуго** - кумекалъул глагол.

Гьабе синтаксияб разбор.

Мансурица дарсалда кеч1 ах1улеб бук1ана.

Киб? Щиб?

Мансурица дарсалда кеч1 ах1улеб бук1ана.

- Гьаб составияб сказуемоялъул аслияб раг1и причастие **ах1улеб** ва кумекалъул глагол **бук1ана** кколеб буго.

Составияб глаголилан абула предметалъ гьабулеб цох1о ишалъул, аслиябги кумекалъулги раг1абаздасан г1уц1араб глаголалъул заманияб формаялда.

Мисал: багъун буго; багъулеб буго, багъизе буго.

Х1алт1и 1 гьумер 149

Мусаца гъвет1 **бац1ц1ун буго**

Мусаца гъвет1 **бац1ц1унеб бук1ун буго**

……

Х1алт1и 3 гьум.150
Гьоркьо риччарал падежиял ахиралги лъун предложениял хъвай.

Чаргъади.. гъот1о.. бусен гьабулеб буго.

Гьаб ц1орора.. иццу..лъим къунеб буго.

Рихьундери.. ц1ия.. росу балеб буго.

Ниже.. ц1ияб клуб жеги лъуг1ун гьеч1о.

Школалъул г1олохъанаб ах бук1ине буго.

Гьоро.. т1ираби ракьал.. реч1ч1изе лъугьана.

Пассих1го коч1ол мухъал киназго цадахъ ц1але.

Ракь багъарулеб буго,
Г1адамал холел руго;
Бакъуе ургъул гьеч1о,
Гьеб белъанхъулеб буго.
Ракьалда рагъал руго,
Биял чвахулел руго;
Ц1адае ургъел гьеч1о,
Гьеб белъанхъулеб буго . (Г1. М.)

Рате глаголал-сказуемоял. Сундасан гьел г1уц1ун ругелали бице.

Кьурал суалазе жавабаллъун кколедухъ, предложениял г*1*уц*1*ц*1*е ва ц*1*але.

Щиб гьабураб?

- Х1алт1ухъабаз мина бана.
- Къадахъабаз___________.
- Вехьас___________.
- Ц1алдохъанас____________.
- Катица________________.
- Ессарухъаналъ________________.

Щиб гьабулеб бугеб?

- Х1алт1ухъабаз мина балеб буго.
- ________________________.
- ________________________.
- ________________________,
- __________________________.
- _____________________________.

Рокъоб х1алт1и №6 гьум150. предложениял лъуг1изаре т1аде х1ажатал членалги журан.

Мисал: Дур рак1 бух1изе буго **эбелалъухъ г1енеккич1они.**

Баркала циназего.
Х1алч1ахъадал.